Pou Piblikasyon Imedya: 03/12/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AKÒDE 50 MILYON DOLA POU PWOJÈ KONEKTÈ AYEWOPÒ ALBANY AN

Pwojè Transfòmatè a pral Redwi Blokis Sikilasyon yo epi Ofri yon Wout Ki Pi Dirèk pou ale nan Ayewopò a - epi se Plan Renouvèlman Enfrastrikti 100 Milya Dola Gouvènè a k ap Finanse Pwojè a

Ou Ka Gade Kontrandi yo sou Nouvo Konektè Ayewopò ak Otowout lan La a

Ou Ka Gade Videyo ki Montre Pwojè Transfòmasyon Ayewopò Entènasyonal Albany an Isit la

Ou ka Gade Videyo Nouvo Pwojè Konektè Otowout la Isit la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te akòde kontra 50 milyon dola pou pwojè transfòmatè Konektè Ayewopò Albany an ki nan Sòti 4 sou otowout Adirondack Northway a (Interstate 87) nan Vil Colonie, Konte Albany. Travay tèren ak travay apantaj yo aktyèlman ankou epi yo prevwa gran pwojè konstriksyon yo ap kòmanse pandan ivè sa a. Pwojè a pral fini apati prentan 2020.

“Rejyon Kapital la se yon pòtay entènasyonal pou sektè touris ak komès la, epi pwojè sa a pap sèlman transfòme ayewopò a men tou li pral rann vwayaj ak trajè yo pi fasil pou vizitè yo tankou rezidan yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Melanje ak envestisman istorik nou ap fè nan Ayewopò Entènasyonal Albany an (Albany International Airport) ak nan ayewopò toupatou atravè rejyon nò New York la yo, konektè sa a pral ede amelyore kalite lavi moun toupatou atravè Rejyon Kapital la yo pandan l ap amelyore opòtinite devlopman ekonomik yo.”

“Nou ap ajoute sou envestisman konsiderab n ap fè nan Rejyon Kapital la yo epi ede transfòme eksperyans vwayaj nan Ayewopò Entènasyonal Albany an”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Amelyorasyon enfrastrikti yo ofri ekonomi nou an yon elan konsiderab, sa k ap kreye bon jan djòb ki byen peye epi amelyore sekirite. Nouvo pwojè konektè a pral ede redwi tan trajè yo epi asire vizitè ki vin nan Rejyon Kapital la yo gen aksè pratik a tout sa eta nou an gen pou ofri yo.”

Pwojè Konektè Ayewopò a, ki sou sipèvizyon Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a pral redwi blokis sikilasyon epi ofri alafwa moun ki pral nan

travay yo ak vizitè ki vin nan rejyon an yo yon wout ki pi dirèk pou yo ale nan ayewopò a. Pwojè a ap konplemante tou yon pwojè 42.1 milyon dola, ki gen ladan 22.1 milyon dola nan finansman eta a, ki deja ankou pou modènize Ayewopò Entènasyonal Albany an. Yo te akòde pwojè a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Out 2018 la epi yo prevwa k ap fini nan prentan 2020 an, 200 milyon dola nan kad Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition) Gouvènè a.

Avèk travay apantaj inisyal pou pwojè a ki ankou kounye a, kontraktè a — ki se Lancaster Development and Tully Construction Co. — pral achte ekipman ak materyo yo epi tabli yon biwo tèren. Yo prevwa netwayaj ak fouye tou, ekskavasyon ak travay drenaj pou nouvo ranp yo, travay fondasyon pou nouvo pon ayeryen an, ak preparasyon pou demenajman sèvis piblik yo ap kòmanse pandan ivè sa a.

Yo pral planifye konstriksyon yo pou yo konfòm a Inisyativ “Drivers First” (Chofè yo an Premye) Gouvènè Cuomo a pou yo ka minimize enpak sou sikilasyon k ap pase sou otowout Northway a. Pral gen mwens enpak sou sikilasyon yo pandan premye mwa pwojè a yo, paske pifò nan travay yo ap fèt andeyò wout la pa lòtbò otowout Northway ak Albany-Shaker Road la. Yo pral pwograme pou yo fè travay k ap fèt pita nan kalandriye pwojè a yo ki gendwa afekte liy sikilasyon yo nan lè volim sikilasyon yo pi ba a.

Pwojè a pral rekonfigire wout tranzisyon Sòti 4 lan apati kreyasyon yon pasrèl pou sikilasyon nan direksyon nò Northway. Nouvo ranp lan pral vwayaje sou Northway lan, boukle pa dèyè ak nan lwès Desmond Hotel epi rive nan yon nouvèl Entèseksyon T ak Albany-Shaker Road, tou pre ayewopò a. Pou sikilasyon nan direksyon sid sou Northway lan, yo pral konstwi yon nouvo ranp sòti pou vwayaje dèyè Desmond Hotel epi konekte ak yon ranp pasrèl ki pral mennen nan nouvèl entèseksyon an.

Pwojè a planifye tou mande yon nouvo ranp antre dirèk soti nan Route 155 (Watervliet-Shaker Road) nan Sòti 5 pou rive nan direksyon sid Northway, sa ki ap elimine nesesite pou gen ranp fasad aktyèl soti nan bò direksyon sid otowout la.

Nan bò direksyon nò a, yo pral pwolonje ranp antre ki akote batiman Times Union nan rive jouk nan Sòti 5 pou Route 155, sa ki ap kreye yon wout oksilyè ki pi long ki pral fè li vin pi fasil pou chofè yo konvèje nan direksyon nò Northway a epi pou kite otowout lan nan Sòti 5. Yo planifye konstwi yon miray pou bwi nan bò direksyon nò a ant Sòti 4 ak Sòti 5. Pwojè a pral konvèti tou ranp sòti direksyon nò Sòti 4 aktyèl lan pou pèmèt detou a dwat sèlman fè manèv yo nan Wolf Road.

Pou vwayajè ki prale nan direksyon ayewopò a soti nan direksyon nò Northway lan, pwojè a pral elimine nesesite pou vwayaje atravè de limyè sikilasyon adisyonèl. Pou vwayajè sou direksyon sid Northway yo, pwojè a pral elimine nesesite pou vwayaje atravè yon limyè sikilasyon adisyonèl. Yo prevwa ke nivo aksidan yo ak tan vwayaj yo pral diminye an konsekans.

Pwojè a pral ranfòse konektivite pou pyeton ak siklis yo nan bay twotwa sou bò sid Albany-Shaker Road lan ant wout konektè a ak Wolf Road menm jan ak yon wout itilizasyon ki pataje ki ant Ayewopò Entènasyonal Albany ak wout konektè a.

Konstriksyon wout konektè ayewopò a pral libere tou gran moso pasèl tè zòn komèsyal yo pou sektè prive a fè redevlopman komèsyal ak amelyorasyon ladan yo.

Yon kantite anviwon 40,000 veyikil motorize pa jou ap itilize Sòti 4 lan nan Northway epi yon kantite anviwon 102,000 veyikil motorize ap vwayaje sou Albany-Shaker Road nan lokalite sa chak jou.

An Oktòb 2015, Depatman Transpò a te konplete yon pwojè 22.3 milyon dola pou ranplase pon yo ki ap pote Northway lan sou Albany-Shaker Road. Sa se te premye nan de faz travay ki planifye yo nan Sòti 4. Pwojè 2015 lan te ranplase de pon ke yo te konstwi nan kad konstwiksyon Northway orijinal la an 1959.

Lè yo itilize pwosesis apwovizyònman meyè rapò kalite-pri a— ki konsidere depans kontraktè soumisyonè yo pwopoze yo, ekspètiz teknik yo, pèfòmans yo nan tan pase ak orè travay yo pwopoze a — NYSDOT ap akselere pwojè a, ki pwograme pou l fini apati prentan 2020 an. Finansman pou pwojè 50 milyon dola yo antisipe a te fè pati Plan Renouvèlman Enfrastrikti (Infrastructure Renewal Plan) 100 milya dola Gouvènè Cuomo a.

Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta New York, Paul A. Karas, te deklare, “Gouvènè Cuomo te fè envestisman nan enfrastrikti transpò yo sèvi kòm yon anblèm pou administrasyon l lan. Pwojè transfòmatè sa a k ap konekte otowout Northway a ak Ayewopò Entènasyonal Albany an, pral lakoz amelyorasyon efikasite transpò, plis sekirite ak mwens degajman gaz pou tout moun k ap itilize ayewopò a ak Sòti 4 la yo”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Ayewopò Entènasyonal Albany an akeyi anpil milye vizitè ak moun k ap vwayaje pou biznis vin nan Rejyon Kapital la yo chak jou, epi Konektè Ayewopò a se yon pwojè enfrastrikti ki pral rann vwayaj pi fasil epi k ap ankouraje nouvo envestisman nan rejyon an”.

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare, “Akselerasyon vwayaj ozalantou ayewopò Albany an ap non sèlman sipòte komès vital ak devlopman kominotè yo, li pral ede tou anpil milye moun evite bare nan blokis sikilasyon chak ane, sa k ap fè elektè nou yo ekonomize gaz ak tan presye yo. Antanke yon Demokrat eminan nan Soukomite sou Anviwònman Enèji ak Komès Lachanm lan (House Energy and Commerce Environment Subcommittee), se egzakteman jan de amelyorasyon efikasite sa yo mwen chache lè m ap konsidere envestisman alontèm nan enfrastrikti dirab yo. Mwen rekonesan anvè fason Gouvènè Cuomo jere pwojè enpòtan sa a epi mwen swete ke modènizasyon sa yo pral senplifye eksperyans vwayajè yo ak kominote ozalantou a pandan l ap pwolonje lonjevite ak itilite resous enfrastrikti enpòtan sa a an jeneral”.

Senatè Neil Breslin te di, “Avèk finansman sa a, Gouvènè Cuomo ap demontre yon lòt fwa ankò, angajman l pran anvè amelyorasyon Rejyon Kapital la. Ayewopò Entènasyonal Albany an se yon gran motè ekonomik nan rejyon sa a, epi lè nou ajoute Konektè Ayewopò Albany an, sa pral rann ayewopò nou an vin pi aksesib alafwa pou rezidan yo tankou vwayajè yo. Mwen paka tann pou m wè enpak pozitif pwojè sa a pral genyen sou ekonomi rejyon nou an ak sou tout eta a nèt”.

Manm Asanble Phil Steck te deklare, “Ayewopò Entènasyonal Albany an se yon pilye pou ekonomi rejyon nou an. Pwojè a pral kreye yon wout ki pi dirèk pou ale nan ayewopò esansyèl sa a, sa k ap rann vwayaj pi rapid ak pi efikas pou rezidan yo ak vizitè yo. Li pral redwi anbouteyaj tou nan Vil Colonie an nan kafou Wolf Road ak Albany-Shaker Road la. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li rekonèt enpòtans pwojè sa a epi li sekirize finansman pou fè reyalize li”.

Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te di, “Lè nou kreye yon wout ki pi dirèk pou ale nan Ayewopò Entènasyonal Albany an, n ap non sèlman rann vwayaj pi fasil pou sila k ap ale ak soti nan ayewopò a yo, men tou n ap redwi blokis sikilasyon sou youn nan wout yo pi frekante nan rejyon nou an yo. Envestisman nan Enfrastrikti yo se katalizè enpòtan pou devlopman ekonomik epi yo esansyèl pou kwasans ak devlopman rejyonal. Mwen fyè pou m fè patenarya ak Gouvènè Cuomo sou pwojè sa ki pral amelyore eksperyans vwayaj rezidan ak touris Rejyon Kapital la yo an jeneral”.

Sipèvizè Minisipal Colonie an Paula Mahan te deklare, “Sa a se yon nouvèl enpòtan pou Rejyon Kapital la ak pou tout eta a nèt. Konektè Ayewopò Albany an ke y ap ajoute nan Colonie an pral yon avantaj pou tout moun k ap vwayaje atravè Vil la yo lè l redwi blokis epi kreye yon wout dirèk pou ale nan ayewopò a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou efò li kontinye fè pou l transfòme Ayewopò Entènasyonal Albany an epi mwen paka tann pou m wè finisman pwojè enpòtan sa a”.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Rejyon Kapital la (Capital Region Chamber) Mark Eagan te deklare, “Ale nan ak soti nan ayewopò a ta dwe fasil epi efikas. Nouvo Konektè Ayewopò Albany y ap ajoute a pral asire ke rezidan ak vizitè yo ka gen yon aksè rapid, dirèk pou ale nan Ayewopò Entènasyonal Albany an, pandan l ap amelyore blokis sikilasyon sou youn nan otowout prensipal rejyon an yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske l ap lanse pwojè transfòmasyonèl sa a”.

Prezidan Otorite Ayewopò Konte Albany an (Albany County Airport Authority), Reveran Kenneth Doyle te deklare, “Anons Gouvènè Cuomo fè sou yon nouvo konektè I-87 pou ale nan Ayewopò Entènasyonal Albany an, pral bay vwayajè yo aksè dirèk a tèminal nou yo pandan l ap redwi blokis sikilasyon pou vwayajè yo ak rezidan zòn lan yo epi li rive nan yon moman kote yo pwograme pou nou fè gran amelyorasyon nan tèminal ayewopò a pou nou ka satisfè bezwen vwayajè jounen jodi a yo ak fanmi konpayi ayeryèn k ap agrandi deplizanpli nou an yo”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU